## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRININ` BUYRIG`I

**Хызмет сапары ҳаққында**

**1.** Нөкис қаласы, Саманбай МПЖ, Мангит көшеси 17-жайда жасаўшы пуқара, Нөкис районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма билим бериў мектебиниң оқыў ислери бойынша директор орынбасары А. Өтегенованың мектеп директоры С. Даулетназарованың нызамсыз ис-ҳәрекетлери туўралы Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министри С. Мамбеткадиров ҳәмде Халық билимлендириў министри Р. Реимовтиң атына жазған шағым арзаларын үйренип шығып, Әдиллик министрлигине ҳәм арза ийелерине жуўап бериў ушын министрлик тәрепинен төмендеги қурамда исши топар дүзилсин ҳәм 2021-жыл 14-апрель сәнесинен баслап 2 (еки) күн мүддетке Нөкис районлық халық билимлендириў бөлимине хызмет сапарына жиберилсин:

| | |
|---|---|
| А. Еримбетов | Министрликтиң методикалық хызмет бөлими баслығы, исши топар баслығы; |
| Б. Хабибуллаев | Министрликтиң методикалық хызмет бөлими методисти, исши топар ағзасы; |
| Б. Хегай | Қоңырат районлық ХББ юристи, исши топар ағзасы; |
| Т. Кунназаров | Кегейли районлық ХББ бас есапшы орынбасары, исши топар ағзасы; |
| П. Калилаев | Нөкис қаласы, 7-санлы мектептиң оқыў ислери бойынша орынбасары, исши топар ағзасы; |

**Исши топар қурамына:**

А. Өтегенованың мүрәжатында келтирилген фактлердиң ҳақыйқыйлығын анықлаў ушын министрлик ўәкиллиги шеңберинде Нөкис районлық халық билимлендириў бөлими ҳәм оған қараслы 29-санлы мектептиң жумысларын үйренип шығып, ҚР Әдиллик министлигине ҳәм мүрәжат ийесине белгиленген тәртипте ҳәм мүдетте жазба түрде жуўап бериў тапсырылсын.

**2.** Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў ўазыйпасы министрдиң биринши орынбасары ў. ў. а. Бекбаулиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р. Реимов**

*Буйрық №* 94

*«*13*»* апрель *2021 ж.*